



STATE OF NEW YORK  
EXECUTIVE CHAM BER  
ALBANY 12224

KATHY HOCHUL  
GOUVÈNÈ

11 Avril 2024

Chè Elèv Tèminal:

Èske w te konnen an 2022, plis pase \$200 milyon nan finansman Federal Pell Grant ki te disponib nan Eta New York pa te reklame? Se vre! Elèv ki pa ranpli FAFSA a rate opòtinite valab pou resevwa èd finansye nan men gouvènman federal la ak Eta New York.

Se poutèt sa jodi a, m ap ekri w pou ankouraje w ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv (FAFSA) nan studentaid.gov. Kòm Gouvènè New York, mwen pran angajman pou m ede elèv yo resevwa èd finansye yo bezwen pou ede fè rèv yo pou ale nan inivèsite vin yon reyalite.

Ranpli FAFSA a se yon etap kle nan aksè nan resous federal ak eta sa yo ki fèt pou ede elèv yo. Nou vle ankouraje tout moun ki elijib pou aplike, asire yo pwofite totalman avantaj finansye ki disponib pou pousuiv objektif akademik yo. Ansanm, nou ka sansibilize piblik la sou opòtinite sa yo epi redui fado finansye ki sou do ou menm ak fanmi ou.

Mwen konnen aplike pou inivèsite ak èd finansye ka parèt entimidan, men nou la pou ede. Sosyete Sèvis Edikasyon Siperyè (HESC) Eta New York la ofri plis pase 24 pwogram sibvansyon, bousdetid ak egzonerasyon prè ki ede plis pase 330,000 elèv New York pousuiv chak ane objektif edikasyon yo. HESC ofri resous pou gide w nan chak etap nan pwosesis èd finansye a epi li pèmèt ou enskri pou resevwa mesaj tèks ki gen enfòmasyon kle sou èd finansye, dat echeyans enpòtan yo, ak resous pou asire w ou sou bon chemen pou karyè inivèsite ou. Ou ka aprann plis sou èd finansye Eta New York la ak resous ki disponib pou ou nan [hesc.ny.gov](https://hesc.ny.gov).

Sonje byen, èd finansye disponib pou ou, men ou dwe aplike pou li. Ranpli FAFSA a epi pwofite tout posiblite èd finansye ki disponib pou ou. Pa rate opòtinite ou genyen pou w reklame finansman ou bezwen pou w ale nan inivèsite. N ap sipòte siksè ou!

Sensèman,

  
Kathy Hochul  
Gouvènè